

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè* *Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan**  
***Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

# JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

**Mwa janvye rive mas 2013**

# 46

*Texte en français : voir pages 3 et 10*  
*En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

Lèt tou louvri pou tout Otorite Sivil, Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye n ak anpil respè. Li kontan prezante **46yèm rapò** li sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa k te pase nan peryòd **mwa janvye rive mwa mas 2013**.

**Vyolans la kontinye rete nan yon nivo byen wo kote chakjou pou pi piti 2,5 moun pèdi lavi yo anba zam nan zòn metwopolitèn nan.** Apa sa, toujou genyen aksidan trafik, kidnapin, brakaj, òldòp ak vòl k ap fèt ak zam.

Nan rapò sa a, Komisyon an te reflechi sou reyalite gang yo nan kapital la. Nou sezi wè jan genyen yon gwo alevini ant kriminalite a ak kèk enstitisyon nan Leta, ki fè konfyans sitwayen ak sitwayèn yo sibi gwo chòk.

Pou konbat ensekirite a, dapre Komisyon Jistis ak Lapè, pozisyon enstitisyon Leta yo ki la pou konbat kriminalite ak banditis dwe klè. Pa dwe gen dout nan lespri moun si se nan sèvis sa ki dwat yo ye, konsa, yo kab fè yo konfyans nèt ale. Komisyon an regrèt se pa konsa sa ye kounye a.

An menm tan Komisyon an mande tout otorite ak tout moun ki aji nan non Leta, pou yo respekte lalwa epi pou yo pa fè abi ak kèk privilèj yo kwè yo genyen. Leta dedwa se kote tout moun anba menm lalwa ; yon otorite se sèvitè sa k nan enterè dènnye sitwayen an li ye.

Sekretarya Komisyon an ap remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li di n mèsè pou atansyon n ap bay 46yèm rapò sila a.

La Commission Nationale Justice et Paix vous salue respectueusement. Elle a l'honneur de vous présenter **son 46<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine**. Ce rapport couvre la période **de janvier à mars 2013**.

***La violence reste à un niveau élevé, où chaque jour deux personnes sont assassinées par balles dans la zone métropolitaine. En plus de cela, d'autres formes de violence répandues sont les accidents de voitures, le kidnapping, les braquages, holdups et vols à main armée.***

Dans ce rapport, la Commission a réfléchi sur la réalité des gangs armés dans la zone métropolitaine. Elle est étonnée de constater la connivence qui existe entre la criminalité et certaines institutions de l'Etat ; ceci explique que la confiance des citoyens et citoyennes est mise à l'épreuve.

Pour combattre efficacement l'insécurité il faut bien, d'après l'avis de la Commission, que la position des institutions étatiques qui ont pour mission de combattre la criminalité et le banditisme, soit claire. Il ne devrait pas y avoir de doute dans l'esprit des gens qu'elles soient au service de ce qui est droit, et qu'elles méritent une totale confiance de la part de la population. La Commission exprime ses regrets, parce que ceci n'est pas la réalité en ce moment.

La Commission demande avec insistance aux autorités et à tous ceux et toutes celles qui agissent au nom de l'Etat de respecter scrupuleusement la loi et de ne pas s'abuser de certains privilèges attachés à leur fonction. L'établissement de l'Etat de droit exige que tous et toutes se sachent sous une même loi ; l'autorité est un serviteur qui assure l'intérêt du dernier citoyen ou dernière citoyenne.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous réserverez à ce 46<sup>ième</sup> rapport.

Mme Jocelyne Colas, Directrice nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelsond, Responsable d'observation

## **Analiz ak komantè pou 46yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan**

### **Men ki sa k te frape n nan trimès la**

Nan trimès ki sòt pase a, Komisyon Jistis ak Lapè dokimante **296** ka kote moun viktim vyolans, epi **230** nan yo mouri ak bal. Nan trimès anvan an te genyen **377** ka, kote **286** mouri ak bal. Konsa li klè, menm si genyen yon ti bese, vyolans toujou rete enpòtan nan zòn metwopolitèn nan kote chak jou pou pi piti **2,5** moun mouri kòm viktim nan asasinay. **Sitou vyolans ak zam rete enpòtan.** Chif yo ki nan rapò a se chif ki montre sa k pi piti a, se sa Komisyon an te kab verifye a. Li pa posib pou konnen tout zak yo. Genyen tou ka asasinay kote yo fè kadav la disparèt, san okenn otorite pa konnen, selon sa nou jwenn kòm temwayaj nan kèk zòn.

Li nesèsè pou n tounen yon ti moman sou dènye semèn ane 2012 la (ki pa antre nan chif rapò sila a), kote chif yo fè Komisyon an wè pou pi piti **64** moun mouri anba tout kalite vyolans, **41** nan yo te viktim anba bal, nan yon peryòd 8 jou (24 desanm rive 31 desanm 2012). Ak **5** asasina chak jou, semenn sila a sete semenn kote k te gen pi plis vyolans nan tout lane 2012 la; sete moman fèt yo kote otorite yo te pwomèt ap gen sekirite agogo.

Tanzantan Komisyon an konstate gen moman vyolans la frape pi plis, tankou :

*Nan zòn Fontamara 27, zòn Delwi, jou ki 17 janvyè 2013 la, **11** viktim mouri anba bal ;  
Epi jou ki 16-17 mas 2013, nan yon ti zòn nan 5yèm Avni ak Riyèl Sent Bènadèt ki nan Matisan, yon kantite moun viktim. Komisyon an pa konn konbyen ; rapò sa a bay non **6** nan viktim yo.*

Komisyon an konstate lapolis ap fè jefò pou enfòmasyon popilasyon an sou aktivite l yo ak sou jan sekirite a ye nan kapital la. Nou regrèt yo pa rann rapò sa yo piblik jan yo ye a, nan yon fason pou tout moun kapab konnen yo.

Li enpòtan pou gade kèk bagay Komisyon an te konstate pi pre, paske yo pèmèt konprann pi byen ki mak fabrik vyolans ak zam epi ensekirite a genyen nan zòn metwopolitèn nan.

1. An premye lye, li pa fasil pou idantifye viktim yo yon fason kòrèk. Anpil viktim, yo menm pa konn non yo. Sa se konsa pou **82** viktim. Souvan nan enfòmasyon ki nan rapò a, non moun yo pa la, yo pa di ki laj yo genyen, si se gason oswa fanm. Men ki sa ki kapab lakòz :
  - a. Anpil viktim pa t pote yon pyès idantifikasyon sou yo lè yo te asasinan yo oubyen viktim ak aksidan, konsa non yo pa parèt sou konsta a oswa sou pwosè vèbal la. Eske sa vle di anpil moun pa genyen dokiman,

menm pa yon kat CIN ? Kouman otorite yo kapab pèmèt yon sitwayen fè yon pyès ki pou idantifye l pi fasil ?

- b. Nan anpil ka toujou, lapolis pa kontwole nan ki kondisyon yo leve kò a. Anpil kadav pa antre nan mòg Lopital jeneral la, jan lalwa mande sa. Konsa, yon swivi legal pa kab fèt. Neglijans sa a montre tou otorite yo pa genyen yon vrè preyokipasyon pou lajistis kab fè yon bon ankèt apre yon zak<sub>asasinay</sub>.
2. Toujou, li pa fasil pou konnen kilès ki otè diferan krim yo. Pou **296** اساسina ak krim ki te genyen, nan **292** ka Komisyon an pa rive konnen kilès ki otè a. Sa se prèske 100% nan tout ka yo. Ki jan pou konprann sa ?
    - a. Pafwa enfòmasyon yo ap fè dout si se lapolis oswa bandi yo ki otè a. Delè, sikonstans lamò a ta fè kwè se yon egzekisyon somè. Men paske pa gen prèv vre, pou obsèvatè a, otè a se yon enkonni.
    - b. Genyen tou yon alevini etranj ant lapolis (kèk polisye) epi kèk gwoup ak zam nan katye popilè yo. Enfòmasyon yo montre sa k pase li fèt vre. Gen sivil ak zam ki nan sèvis lapolis pou bay enfòmasyon. Pafwa sivil sa yo se manm gang yo ye, epi kòm manm gang yo konn mele nan fè zak. Yo nan sèvis lapolis, yo pote zam, konsa yo jwi pwoteksyon pou tout sa yo fè, menm pou move zak ilegal. Pafwa tou, anndan rezo gang yo menm, genyen polisye ladan yo. Gen sitwayen ki fè konnen gen moun yo konnen ki polisye epi ki anndan yon gang. Rezilta, se sitwayen yo ki pa kapab denonse manm gang yo, men tou, yo pa kapab denonse polisye yo ki komèt move zak epi ki ta manm nan yon gang. Sa ki kapab lakòz konfyans sitwayen yo genyen nan lapolis rive ba nèt.

*Egzanp : gen yon chèf gang nan zòn 5yèm Avni Bolòs nan Matisan, moun yo ta idantifye kòm polisye BIM.*

3. Gang ak trafik zam. Tout sa k sòt di a montre otorite yo pa kontwole aktivite gang ak zam nan zòn metwopolitèn nan. Gang yo menm rive jwenn bal ak materyèl yo bezwen san pwoblèm, alòske enstitisyon ki la pou kontwole trafik zam yo genyen pwoblèm pou jwenn tout chimen komès ilegal sa a. Ki jan pou n konprann gang yo fasilman jwenn zam ak minisyon nan chimen trafik an yo devlope, alòske Gouvènman an, nan enpisans li, pa kapab fè pi plis pase denonse epi regrèt sa k pase, san l pa kab aji sou sa k lakòz sitiyasyon sila yo ?
4. Nan rapò anvan yo, Komisyon an te montre jan politik la mare ak vyolans la. Klima ensekirite ki la a epi yo kenbe, alòske eleksyon yo prèt pou rive, fè kè Komisyon an sote. Kesyon ki poze : Kilès ki pwofite konfizyon sa a ? Ki jan pou separe pratik politik yo ak vyolans ? Ki jan pou fè politisyen yo, fanm kou

gason, konprann li pa posib pou tabli demokrasi ak yon Eta dedwa ak moun ki vle mache nan chimen vyolans ak koripsyon ?

5. Nan dènye trimès la (janvyè rive mas 2013) popilasyon an te asasen **19** moun anba kout wòch ak zam blanch ; nan trimès anvan an sete **25** viktim ki te genyen. Komisyon an konstate gwo piblisite pakè a ap fè nan Pòtoprens pou mete fren nan pratik sila a ; sa se yon bagay kòrèk paske se pa wòl sitwayen yo pou fè tèt yo jistis. Men Komisyon Jistis ak Lapè a kwè yon aparèy lajistis efikas ak yon aksyon lapolis ki kòrèk pi enpòtan anpil pou refè konfyans popilasyon an, pase tout reklam ak espòt piblisite nan radyo ak tele.
6. Komisyon an te anrejistre **17** moun ki mouri nan aksidan machin, epi toujou genyen **33** ka kote n pa t kab di ki sa k lakòz lamò yo. Li enpòtan pou atire atansyon otorite yo sou yon dividal machin k ap sikile nan lari yon fason ki montre yo pa gen sans responsablite menm. Se yon seri machin OF, SE, gen plizyè machin tou ak plak prive ; yo gen vit fimen ki fè ou pa kab wè kilès ki anndan l. Ak sirèn, jiwofa, kliyotè, elatriye, yo panse yo gen tout dwa sou lòt yo ; menm lapolis san puisans devan yo, epi li pa kab fè nouvo mèl lawout sa yo okenn remake, menm si yo pa respekte okenn règ nan sikilasyon an. Pafwa, se pa sèl mèl lawout yo ye, men tou, yo pran tèt yo kòm mèl lavi ak lamò lòt yo.

*Yon egzanp ki te pase. Yon chofè kamyonèt ak yon kouzen l fwote yon machin ak plak OF ; chofè a te fè yon patwouy lapolis konn ensidan an. Yon ti kal pi lwen yon moto t ap swiv yo epi li depase yo ; epi yon asasen (yo peye pou sa ?) tire ak bal sou de kouzen sa yo: Jerry Dartois ak Marc Hammer Dartois ki te nan kamyonèt la. Sa te rive nan maten 5 fevriye 2013 nan lari Monseyè Giyou. Otè krim yo pa pote non, se yon « enkonni » li ye.*

7. Gen lòt fòm vyolans grav toujou ki boulvèse lespri popilasyon an. Kidnapin, menm si yo pa pale twòp sou li, toujou la. Souvan menm, li mache ak brutalite ki pa gen non. Sosyete a pa jwenn mwayen pou reponn yon fason efikas.

*Konsa, jou ki te 20 mas 2013, yo te kidnape Dimétrius Villier, ki te gen 12 lane, lakay papa l, pastè Patrick Villier. Sa te fèt nan zòn Laplèn, Kwadebouke. Kidnapè yo finalman asasen ti jèn gason an, epi yo jwenn kò li jou ki 30 mas 2013 nan mòg Lopital Jeneral.*

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè toujou montre kè l sote devan zam k ap sikile libelibè nan peyi a. Yo renouvle zam sa yo, zam sa yo vin pi gwo ak pi fò nan men moun ki sèvi ak yo sitou nan katye popilè yo. Twa fwa (jou ki 18 oktòb 2012, epi 11 ak 25 mas 2013) Komisyon an te ekri Minis Afè Etranje a yon lèt toulouvri, pou fè l konnen te genyen yon konferans sou kòmès ti zam yo ki t apral fèt nan Nasyonzini pou mete sou pye yon akò oswa trete pou konbat trafik ak kòmès zam deyè do lalwa.

Lèt la pa janm te jwenn okenn repons. Obsèvatè yo nan vil Nouyòk te fè konnen delegasyon Ayiti a nan konferans la te vote anfavè nouveau trete a (akò a). Sa k etone Komisyon an, se lè l wè yon Gouvènman ki cho pou fè popilasyon an konnen sa l ap fè, pa t jije nesèsè pou di yon mo menm sou yon konferans ki genyen pakèt enpòtans sa a pou lapè ak sekirite sitwayen ak sitwayèn yo nan peyi a. Nan tout demokrasi, li nòmal pou sitwayen yo mande otorite yo rann kont. Diskou pwopagann fè anpil mal paske yo fè sitwayen ak sitwayen yo pa kab reflechi ankò kòm sa dwa sou sa y ap viv yo.

### **Kèk lòt konsiderasyon**

#### **Peyi a bezwen yon sosyete sivil ki angaje toutbon nan batay kont vyolans nan peyi a, sitou nan zòn metwopolitèn nan**

Yon sosyete sivil ki òganize, ki dinamik, ki reskonsab dwe konstwi yon angajman sitwayen konsekan ; sa se wòl li. Depi plizyè deseni (plizyè dizèn lane), peyi a ap viv yon destabilizasyon sovaj. Youn nan rezon yo ki lakòz sa genyen rapò ak sosyete sivil la, paske li se yon sous lavi fondamantal nan fason sosyete a ap evolye.

Sektè yo ki òganize nan lavi nasyonal la dwe garanti avni nasyon an ak angajman sitwayen yo kòm rezilta yon kalite edikasyon ki pèmèt yo devlope yon kilti sitwayèn. Men ki wòl yo konn bay sosyete sivil la :

- Wòl pou pwoteje,
- Wòl pou kontwole,
- Wòl pou patisipe.

#### **Wòl pou pwoteje sosyete sivil la genyen**

Sosyete sivil la dwe kontribye pou devlope libète sitwayen yo epi pwoteje l kont abitrè otorite Leta yo. Angajman ak misyon sosyete sivil la se pote kontribisyon pa l pou sa k nan enterè tout moun ak pou sa k bay moun kè poze.

Oganizasyon sosyete sivil la dwe veye pou pwojè politik yo respekte dwa fondamantal sitwayen yo genyen.

- Yon egzanp : Twa pouvwa Leta yo ki ta dwe garanti lavi moun yo vin pi bon, youn chèche ap nwi lòt. Yo pa rive defini yon seri politik piblik ki reponn ak bezwen moun yo genyen. Administrasyon an ki la a pa defini yon politik sekirite piblik pou pwoteje sitwayen yo. Sitwayen ak sitwayèn ap viv tankou prizonye anndan pwòp katye yo, jan sa fèt nan zòn Delma 2 yo ak Baz 117 k ap opere la, ki jwenn zam pou ranfòse tèt li, k ap touye, vyole ak volè sa moun genyen, epi k ap simen laterè. Gen katye tou nan zòn Matisan ki ofri menm espektak sila a. Yo kapab rankontre menm kalite sityasyon sa a nan diferan katye popilè nan zòn metwopolitèn nan.

- Relasyon yon seri otorite genyen ak bandi yo bay yon move lide sou moralite dirijan sa yo ki yon menas pou kominote a. Zak brital gang yo ap poze yo mete toutouni jan tout mezi Gouvènman an ap anonse pa efikas vre.

Se devwa sosyete sivil la pou denonse konplo sa a k ap fèt kont lapè. Menm jan tou, lè otorite yo pa egzekite byen sa pwojè politik piblik yo mande, sektè yo ki fè sosyete sivil la dwe mande yo rann kont.

### **Wòl kontwòl sosyete sivil la genyen**

Obsèvasyon sa k pase nan kominote yo ak nan sosyete a, epitou kontwòl pouvwa politik yo se yon aktivite enpòtan ki antre nan wòl kontwòl sosyete sivil la genyen.

- Yon egzanp : Edikasyon sivik anvan eleksyon yo se yon fason pou renmèt pouvwa nan men sitwayen yo paske yo konprann pi byen ki enpòtans eleksyon an genyen ak ki chimen pou swiv pou enflyanse mekanis yo. Yon bon obsèvasyon elektoral ki kontwole jan eleksyon yo fèt, kapab ede pou garanti yon bon dewoulman selon sa regjwèt demokrasi mande.
- Yo dwe obsève epi kontwole diferan politik yo Gouvènman an te anonse pou wè ki jan yo mete yo sou pye. Patisipasyon sosyete sivil la nan travay sa a se yon lekòl li ye tou pou òganizasyon ki antre pi fon nan diferan pwoblèm kominote a genyen. Li ede jwenn solisyon gras ak refleksyon yo ak aksyon yo.
- Obsève vyolans lan nan sosyete a tou se yon lekòl li ye pou tout moun ki patisipe nan aktivite sa a; paske yo vin pi sansib, yo vin pi konprann tout sa k pa mache byen nan sosyete a. Enfòmasyon yo jwenn yo dwe tounen yon seri pwopozisyon pou fè sosyete a vin pi kòrèk ak pi ekilibre. Obsèvasyon se yon zouti pou kontwole aksyon otorite yo.

### **Wòl patisipasyon sosyete sivil la genyen**

Lè sitwayen yo vin konprann, viv, epi patisipe pi byen nan demokrasi a, se sa ki montre si genyen vreman yon kilti politik ki avanse. Se sa ki mennen tou yo bay enterè kolektif la ak politik la pi plis enpòtans. Sa vle di : sitwayen yo pi kapab epi yo santi pi plis motivasyon ak kapasite pou patisipe nan zafè politik peyi a.

Nan tout demach ak aktivite sa yo, sosyete sivil la li menm se yon lekòl li ye pou aprann sa demokrasi vle di epi ki jan enstitisyon yo kapab fonksyone yon fason demokratik. Sosyete sivil la se yon baz kote sitwayen kapab pare tèt yo epi pran angajman nan diferan enstans kote yo pran desizyon Leta yo.

- Yon egzanp : gen pwojè lwa, se reprezantan sosyete sivil la ki te fè yo, kote yo esprime sa yo menm te wè ki te nesèsè kòm regjwèt oswa tankou desizyon ki te nesèsè pou avni sosyete a. Se konsa sa te fèt pou lwa sou kidnapin nan, nan lane 2006.



## **Pwopozisyon ak rekòmandasyon Komisyon an fè**

1. Fòk otorite Leta yo kreye kondisyon ki fè l vin pi fasil pou tout sitwayen ak chak sitwayèn kapab jwenn yon pyès kòrèk ki pou idantifye l. Nan ka yo ta rive pèdi pyès idantite sa a, fòk genyen yon fason pou refè l san pèdi tan epi yon fason yo kapab fè dokiman an konfyans.
2. Lapolis dwe genyen yon sèvis entelijans ki pou li menm, ak yon reskonsab alatèt li tout moun konn kilès. Yo dwe pwoteje sèvis la pou l pa antre nan move kòkòday ak gwoup kriminel yo, ni pou yo pa itilize l pou pèsekite moun pou konviksyon yo genyen.
3. Fòk Leta mete lòd nan trafik woutye a. Sa vle di : pa dwe genyen moun ki pi wo pase lalwa sou wout yo. Si genyen moun ki merite priyorite nan kèk sikonstans ki byen klè, fòk machin yo idantifye kòm sa dwa, pou yo kapab jwi privilèj yo genyen an san pa genyen konfizyon. Yo dwe konbat epi pini ak severite tout abi ki fèt nan domèn sa a.
4. Yo dwe amelyore lalwa peyi a nan domèn trafik woutye, pou l kapab reponn pi byen ak reyalite peyi a ni ak kritè entènasyonal yo.
5. Ministè travo piblik, transpò ak kominikasyon, epi tou meri yo ki nan zòn metwopolitèn nan dwe pran mezi pou yo pa bloke wout yo ak materyèl pou konstwi batisman, ni ak tout lòt bagay ki anpeche moun sikile nòmal nan lari.
6. Sèvis Leta yo dwe fè yon jan pou kouvri tout twou egou yo ki ouvè kounye a epi ki lakòz aksidan ak moun blese nan lari.
7. Komisyon Jistis ak Lapè kontinye ap repete li nesèsè pou Leta retire nan men sitwayen yo tout zam ki pa registre yon fason kòrèk oswa kote mèt li pa genyen kapasite pou sèvi ak li san pa gen abi k ap fèt.
8. Leta dwe kontwole tout trafik ak komès zam ak bal. Yo dwe revize epi adapte lalwa ki genyen sou sa nan peyi a.

Sèvis obsèvasyon Komisyon an

## Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

*Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince*

		Mwa Janvye 105 viktim	Mwa fevriye 94 viktim	Mwa mas 97 viktim
<b>1. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		1 polisye 1 ajan sekirite	1 polisye	1 polisye
Fanm ki viktim		<b>8</b>	<b>9</b>	<b>5</b>
Timoun ki viktim		-	-	<b>2</b>
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		<b>17</b>	<b>35</b>	<b>30</b>
<b>2. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		<b>80</b>	<b>73</b>	<b>77</b>
	Moun ki mouri ak bal la polis/ Minustah	1	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	41	14	6
	Viktim afwontman ant gang	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	38	59	71
Moun ki touye tèt yo		-	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>6</b>	<b>4</b>	<b>9</b>
Moun ki mouri nan aksidan		<b>4</b>	<b>10</b>	<b>5</b>
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lot kòz ak sa yo pa konnen		<b>15</b>	<b>7</b>	<b>6</b>
<b>3. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		<b>5</b>	<b>9</b>	<b>5</b>
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		<b>10</b>	<b>9</b>	<b>4</b>
Zòn Kafou		<b>5</b>	<b>4</b>	<b>5</b>
Gran Ravin ak Matisan		<b>4</b>	<b>3</b>	<b>4</b>
Petyonvil, wout Frè		<b>4</b>	<b>8</b>	<b>4</b>
Yo pa konnen zòn nan / mouri lopital		<b>11</b>	<b>4</b>	<b>3</b>
<b>4. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

## **Analyse et commentaire du 46<sup>ième</sup> rapport de violence à travers la zone métropolitaine**

### **Les faits saillants du trimestre**

Au cours du trimestre La Commission Justice et Paix a documenté **296** cas de victimes de la violence, dont **230** sont mortes par balles. Pendant le trimestre antérieur, il y avait **377** cas, avec **286** de tués par balles. L'évidence qui s'impose est bien sur que, même si on constate une légère baisse, le niveau de violence reste important, surtout de la violence armée avec **2,5** assassinats par jour comme minimum. **La violence armée reste très significative dans la zone métropolitaine.** Les chiffres du rapport représentent des minima que la Commission a pu vérifier. Il est d'ailleurs impossible d'avoir connaissance de tous les actes criminels. Il y a même des assassinats où le cadavre de la victime disparaît, hors du contrôle de l'autorité, selon ce que est rapporté par des gens dans certaines zones.

La Commission Justice et Paix attire l'attention sur la dernière semaine de l'année 2012 (qui ne fait pas l'objet de ce rapport), où le chiffre d'assassinats et morts par balles a atteint le chiffre de 50 pour 8 jours, ou 6 assassinats par jours ; ce qui fait de la dernière semaine de l'année 2012 la semaine la plus violente de l'année, en dépit des promesses de paisibles fêtes de fin d'année.

Des flambées de violence se font sentir de temps à autre :

*A Fontamara 27, dans la zone de Delouis, le 17 janvier 2013, 11 victimes ont trouvées la mort.*

*Un autre carnage a eu lieu le 16-17 mars 2013 à 5ieme Avenue Bolosse et la ruelle de Sainte Bernadette à Martissant ; le nombre exact des victimes est inconnu. Le rapport mentionne 6 noms.*

La Commission constate l'effort fait par la police d'informer la population sur ses activités et sur l'évolution de la sécurité dans la ville. Elle regrette que ces rapports ne soient pas disponibles au public dans leur intégralité.

Il est important de regarder certaines données de l'observation de plus près pour mieux comprendre le caractère spécifique de la violence armée dans la zone métropolitaine.

1. D'abord il y a la difficulté d'identifier correctement les victimes ; le nombre important de victimes inconnues attire l'attention ; **82** victimes. Dans les informations recueillies, le nom des personnes, leur âge ou sexe manquent souvent. Des raisons pourraient être :
  - a. Un grand nombre de victimes ne portait pas d'identification au moment de leur assassinat, ainsi leur nom n'apparaît même pas dans les procès-verbaux ;
  - b. Dans bon nombre de cas la police ne contrôle pas la levée des corps : plusieurs corps n'entrent même pas à la morgue de l'HUEH, ce qui ne permet pas le suivi légal normal. Cette négligence démontre le peu de suivi fait par les autorités judiciaires pour qu'il y ait une enquête après un assassinat.

2. Ensuite, il est difficile de connaître l'auteur du crime. Le nombre d'auteurs inconnus atteint le chiffre de **292** pour **296** assassinats et accidents mortels ou presque 100%. Comment comprendre cela ?
  - a. Les informations recueillies hésitent parfois d'indiquer « la police » ou « des bandits » comme auteur d'un crime. Des circonstances laisseraient croire à des exécutions sommaires. Faute de preuve positive, pour l'observateur, l'auteur reste inconnu.
  - b. Une connivence étrange semble s'établir entre la police et certains gangs armés dans certains quartiers populaires. Nombreux sont les témoins qui expriment leurs inquiétudes qui sembleraient se confirmer dans les faits. Des civils armés font office d'informateurs pour la police. Parfois ces civils sont membres de gangs armés et commettent à ce titre des exactions. Ils sont au service de la police et portent des armes ; ceci leur donne une couverture pour toute action, même illégale. Plusieurs réseaux de gangs bénéficieraient même de la présence active de policiers dans leur sein. Des citoyens signalent effectivement la présence de personnes qu'ils reconnaissent comme des policiers dans les gangs. Le résultat en est que les citoyens ne peuvent plus dénoncer ni les membres des gangs qui peuvent bien être des policiers, ni les policiers qui commettraient des exactions et qui pourraient appartenir à un gang. Il est compréhensible que la confiance dans la police ait atteint son plus bas niveau.

*Exemple : des gens identifient un des chefs de gang à Martissant, 5ième Avenue Bolosse qui serait un policier BIM.*

3. Gangs et trafic d'armes. L'activité des gangs armés dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince reste donc incontrôlée. Les armements et munitions vont les retrouver. Les institutions préposées à exercer un contrôle sur le trafic d'armes peinent à remonter les filières de ce commerce illicite. Comment comprendre que les gangs armés peuvent facilement se procurer des armes et des munitions à travers des couloirs gérés par des trafiquants et que le Gouvernement dans son impuissance ne peut faire autre chose que dénoncer et déplorer sans être en mesure d'agir sur les causes?
4. Dans des rapports précédents nous avons indiqués les liens entre politique et violence. Le climat d'insécurité et d'incertitude créé et maintenu à l'approche des élections est inquiétant et fait peur. La question est urgente : A qui profite cette confusion ? Comment divorcer les pratiques politiques et la violence ? Comment convaincre les hommes politiques que l'établissement de la démocratie et l'Etat de droit ne peut passer par la violence et la corruption ?
5. Un nombre de **19** personnes a été lynché au cours du dernier trimestre ; pour la période précédente, on dénombrait **25** victimes. La Commission constate la publicité du parquet pour faire arrêter les lynchages ; c'est correct il n'appartient pas au citoyen de se faire justice. Mais la Commission Justice et Paix pense que la confiance dans l'appareil judiciaire et l'intervention policière correcte sont des éléments de loin plus importants pour faire renaitre la confiance des gens que les spots publicitaires.

6. On a enregistré **17** personnes tuées dans des accidents de circulation et **33** personnes dont les circonstances de leur décès n'ont pas été élucidées. Il est important d'attirer de nouveau l'attention de l'autorité sur le comportement irresponsable d'une flotte de voitures OF, SE et même avec des plaques privées. Les sirènes, vitres fumées pour rendre invisibles les occupants, clignotants et gyrophares leur procurent tout droit ; même les policiers semblent impuissants devant ces nouveaux maîtres de la rue qui ne respectent aucun principe de la circulation. Parfois ils ne se comportent pas seulement en maîtres mais en maîtres de vie et de mort des autres.

*Une camionnette avec deux occupants venait de froter une voiture OF ; les passagers en informaient une patrouille policière. Un peu plus loin, ils sont rappoursuivis par une moto et un tueur à gage tue par balles les occupants de la camionnette, les deux cousins Jerry Dartois et Marc Hammer Dartois. Ceci s'est passé le matin du 5 février 2013 à la rue Mgr. Guilloux. L'auteur des crimes reste un « inconnu ».*

7. D'autres formes graves de violence et d'insécurité hantent les esprits des gens. Le kidnapping, même si on en parle moins, restent une réalité ; ils s'accompagnent d'atrocités inouïes à laquelle la société ne réussit pas de répondre de façon adéquate.

*Ainsi le petit Dimétrius Villier, âgé de 12 ans, a été enlevé dans la maison familiale du pasteur Patrick Villier, le 20 mars 2013 à la Croix des Bouquets. Ses ravisseurs ont finalement assassiné le jeune garçon et son corps a été retrouvé à la morgue de l'Hôpital général le 30 mars 2013.*

Les armes qui circulent dans le pays, qui se renouvellent et se perfectionnent entre les mains des citoyens et dans les quartiers populaires, inquiètent la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix. A trois reprises (le 18 octobre 2012, le 11 et 25 mars 2013) elle a adressé une correspondance au Ministre des Affaires Etrangères sur la conférence des Nations Unies pour arriver à un traité international portant sur le trafic des armes à feu. Les correspondances sont restées sans réponse. La délégation haïtienne a d'ailleurs, selon les informations des observateurs à la conférence, voté en faveur du traité. Il est pour le moins étonnant que le Gouvernement, si avide d'informer les populations sur ses réalisations, n'a pas soufflé mot sur cette conférence si importante pour la paix et la sécurité des citoyens. Dans toute démocratie, les citoyens demandent des comptes à leurs dirigeants. Les discours propagandistes font de grands torts à la réflexion et à l'esprit des citoyennes et des citoyens.

### **Quelques considérations**

#### **Une société civile haïtienne engagée est nécessaire pour lutter contre la violence dans le pays et la zone métropolitaine en particulier**

Construire un engagement citoyen est le propre d'une société civile organisée, dynamique et responsable. La déstabilisation sauvage du pays depuis des décennies a aussi à voir à cette entité qui est une des matrices fondamentale dans l'évolution de la société.

Les secteurs organisés de la vie nationale doivent garantir le devenir de la nation par une implication citoyenne qui est le résultat d'une pédagogie d'éducation axée sur la promotion d'une culture citoyenne.

Plusieurs rôles sont attribués à la société civile, tels que :

- Le rôle de protection,
- Le rôle de contrôle,
- Le rôle de participation.

### **Le rôle de protection de la société civile**

La société civile a le devoir de contribuer à la liberté des citoyens et de les protéger contre l'arbitraire des autorités étatiques. L'engagement et la mission de la société civile est donc d'œuvrer pour le bien commun et le bonheur des personnes.

Les organisations de la société civile veillent à ce que les projets politiques respectent les droits fondamentaux des citoyens.

- A titre d'illustration : Les trois Pouvoirs de l'Etat en Haïti qui devraient garantir le mieux être de la population, se noient l'un dans l'autre ; ils n'arrivent pas à formuler une vraie politique publique des besoins. Parce que l'administration actuelle ne définit pas une politique de sécurité publique qui soit en mesure de protéger les gens, les citoyens continuent à être des prisonniers dans leurs propres quartiers. Ceci est le cas des gens de Delmas 2 et ses environs avec la fameuse base 117 qui s'est renforcée en armements, qui tue, viole, vole et terrorise toute la zone. Certains quartiers de Martissant offrent le même spectacle. Des situations de ce genre, sont très répandues dans plusieurs quartiers populaires de la zone métropolitaine.
- Les relations de certaines autorités avec des membres de gangs laissent une mauvaise impression quant à la moralité des dirigeants, ce qui constitue une menace pour la communauté. Les actes arbitraires des gangs mettent à nu l'inefficacité des mesures annoncées par le Gouvernement.

Il est du devoir de la société civile de dire non à ce complot contre la paix. De même, quand les projets de politiques publiques ne sont pas bien exécutés, il revient aux secteurs qui constituent la société civile de demander des comptes.

### **Le rôle de contrôle de la société civile**

L'observation des événements et le contrôle du pouvoir politique sont une activité importante dans le cadre du contrôle.

- A titre d'exemple : L'éducation civique des citoyens avant les élections est une façon de remettre du pouvoir aux citoyens qui comprennent mieux les enjeux électoraux et les mécanismes par lesquels on peut chercher à les influencer. Un bon contrôle des élections par une bonne observation électorale peut aider à en garantir le bon déroulement dans le plus strict respect des règles de la démocratie.
- Il faut également observer et contrôler les politiques annoncées par le gouvernement et leur mise en œuvre. La participation de la société civile se veut toujours une école où les citoyens se trouvent concernés dans les problèmes de la cité et contribuent à leur solution par des réflexions et actions très profondes.

- L'observation de la violence constitue une école pour ceux qui s'y mettent qui leur invite à voir et à se sensibiliser aux dysfonctionnements multiples de la société. Les informations obtenues doivent se traduire en propositions pour rendre la société plus juste et équitable. L'observation est un outil de contrôle sur l'action des autorités.

### **Le rôle de participation de la société civile**

La socialisation démocratique et participative des citoyens traduit un haut degré de culture politique ; elle conduit à une plus grande attention pour l'intérêt général et pour la politique, c'est-à-dire, elle augmente la motivation et la capacité de participer à l'évènement politique.

Dans toutes ces démarches, la société civile elle-même est considérée comme une école pour apprendre la démocratie ou le fonctionnement démocratique des institutions. La société offre une base de recrutement de manière ciblée des figures démocratiques destinées aux instances de décisions étatiques.

A titre d'exemple : Certains projets de loi ont été formulés par des représentants de la société civile comme nouvelles réglementations ou décisions nécessaires pour l'avenir de la société, comme la loi sur le kidnapping.

### **Propositions et recommandations**

1. Il est urgent que l'autorité de l'Etat facilite l'obtention d'une pièce d'identification correcte pour tout citoyen. En cas de perte, une procédure accessible doit permettre de la reconstituer sans délai et de façon fiable.
2. La police doit disposer d'un service d'intelligence propre à lui-même, avec un responsable connu à sa tête. Il faut garder le service à l'abri d'une possible connivence avec des groupes criminels et le protéger contre une éventuelle utilisation pour persécuter des dissidents d'opinion.
3. Il faut de l'ordre dans le trafic routier. Personne ne doit être au-dessus de la loi, même pas dans le trafic routier. Les voitures qui dans des circonstances bien définies méritent une priorité doivent être identifiées pour qu'elles puissent jouir de cette prérogative sans confusion. Tout abus en la matière doit être combattu avec rigueur.
4. Il faut améliorer la législation nationale sur le trafic routier pour qu'elle réponde mieux à la réalité du pays et aux normes internationales.
5. Le Ministère des travaux publics, transport et communications ainsi que les mairies de la zone métropolitaine doivent interdire d'obstruer les routes avec des matériaux de construction et autres objets encombrants.
6. Il est urgent que les services de l'Etat prennent soin de couvrir les égouts à ciel ouvert, qui sont la cause de pas mal d'accidents et de blessures.
7. La Commission continue à insister sur la nécessité d'un désarmement de tout citoyen en possession d'une arme qui n'est pas enregistré correctement ou pour lequel il n'a pas les compétences requises.
8. La circulation et le trafic des armes et des munitions doit être strictement contrôlé. La législation en la matière doit être revue et adaptée.

Le service d'observation de la Commission

## Tablo vyolans soti janvye pou rive mas 2013

### Mwa janvye 2013

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason / fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
Madi 1 janvye 2013, nan lajounen	François Rodrigue	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy	Bal gang	Enkoni
Madi 1 janvye 2013, nan lajounen	Rocher Yguens	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, 4yèm Avni Bòlòs	Bal gang	Enkoni
Mèkredi 2 janvye 2013 nan lajounen	Marie Pierre Rissaint	Fanm	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Petyon vil	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 2 janvye 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dèpisèl, zòn bèlè	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 3 janvye 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lasalin	Bal gang	Enkoni
Jedi 3 janvye 2013 nan lajounen	Telson Karenne	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 3 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Enkoni	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 3 janvye 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 1 A	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 4 janvye 2013, nan lajounen	Yon ti bebe	Enkoni	Ti kò viktim nan te abandone nan lari. Sikonstans lanmò l pa t detèmine.	Dèlma	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 5 janvye 2013, nan maten	Aly Erns	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Doktè Obri	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 5 janvye 2013, nan maten	Williamson Michel	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kwadèboukè, Kwadèmisyon	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 5 janvye 2013, nan maten	Leveque Azor	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma 33	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 6 janvye 2013, lajounen	Janvier Angelou	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Chann Mas	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 6 janvye 2013, lajounen	Wood Pierre Louis	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Tinèl, zòn Kafou Fèy	Bal gang	Enkoni
Dimanch 6 janvye 2013, lajounen	Francisco Felix	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Sentan	Bal gang	Enkoni



Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason / fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
Dimanch 6 janvyè 2013, lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Plizyè moun nan mache a lapide viktim nan ak kout baton.	Pòtoprens, Mache Kwabosal	Zam blanch	Yon gwoup moun
Dimanch 6 janvyè 2013, lajounen	Chava	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Pòtoprens, Chann Mas	Bal gang	Enkoni
Dimanch 6 janvyè 2013, lajounen	Moise Junior	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Pòtoprens, Matisan	Bal gang	Enkoni
Lundi 7 janvyè 2013	Melchisedeck Meticient	Gason	Nèg ak zam ki nan gang 117 idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Mòn Marinèt, zòn Bèlè	Bal gang	Enkoni
Lundi 7 janvyè 2013	Frantz Loreus	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Pòtoprens, Chann Mas	Bal gang	Enkoni
Lundi 7 janvyè 2013, lajounen	Innocent Kenley	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Pòtoprens, Vilaj Solidarite	Bal gang	Enkoni
Lundi 7 janvyè 2013	Camille Monclair	Gason	Viktim nan mouri nan sal ijans lopital jeneral. Kòz lanmò l pa t idantifye.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Madi 8 janvyè 2013	Parenel Saint Cyr	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Pòtoprens, Avyasyon	Bal gang	Enkoni
Madi 8 janvyè 2013	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Pòtoprens, Ri Mawon Enkoni	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 9 janvyè 2013	Francisco Mayonga	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 9 janvyè 2013	James Josma	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Dèlma, Dèlma 18	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 9 janvyè 2013	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Viktim nan mouri ak bal nan chanje kout zam ak lapolis.	Pòtoprens, Ayewopò	Bal lapolis	Enkoni
Jedi 10 janvyè 2013, nan lajounen	Magadala Jean	Fanm	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital jeneral.	Kafou	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 10 janvyè 2013, nan lajounen	Alina Jean Baptiste	Fanm	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital jeneral.	Kafou	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 10 janvyè 2013, nan lajounen	Michonèse Petit Homme	Fanm	Viktim nan mouri nan sal ijans lopital apre li te fin resevwa plizyè bal.	Pòtoprens, Medsen Sanfwontyè	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 10 janvyè 2013	Jean Junior Webert	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 11 janvyè 2013, nan lajounen	Jean Renel Exilus	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal	Petyon vil	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 12 janvyè 2013	Davilmar Nicolas Gregory	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Pòs Machan	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason / fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
Samdi 12 janvye 2013	Desoie Woodsonia	Fanm	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital jeneral.	Dèlma 2, Nan Pak Jan Mari Vensan	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Samdi 12 janvye 2013	Pierre Quesnel	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dèseza	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 13 janvye 2013	Daphney Jean Louis	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Nèf	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 13 janvye 2013	Yon moun yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma 31, nan Site Okay	Bal gang	Enkoni
Lendi 14 janvye 2013	Yon moun yo idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma 30	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Madi 15 janvye 2013	Orly Convil	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, 4yèm Avni Bòlòs, Matisan	Bal gang	Enkoni
Mèkredi 16 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Mèkredi 16 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Mèkredi 16 janvye 2013 nan lajounen	Yon fanm yo pa idantifye	Fanm	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari ak plizyè.	Pòtoprens, Ri Monseye Giyou	Zam blanch	Enkoni
Mèkredi 16 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Samson Henleas Dascar	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Sainvilus Genel	Gason	Yon gwoup moun nan popilasyon lapide viktim nan ak kout wòch.	Pòtoprens, Fontamara 27	Zam blanch	Yon gwoup moun
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Lajeunesse Reginald	Gason	Yon gwoup moun nan popilasyon lapide viktim nan ak kout wòch.	Pòtoprens, Fontamara 27	Zam blanch	Yon gwoup moun
Jedi 17 janvye 2013, bò 1:00 PM	Ismael Milien	Gason	Yon gwoup moun nan popilasyon lapide viktim nan ak kout wòch nan moman li t ap tante kase yon biznis.	Dèlma, Dèlma 83	Zam blanch	Yon gwoup moun
Jedi 17 janvye 2013, bò 1:00 PM	Brice Bonhomme	Gason	Yon gwoup moun nan popilasyon lapide viktim nan ak kout wòch nan moman li t ap tante kase yon biznis.	Dèlma, Dèlma 83	Zam blanch	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason / fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Ki idantite otè zak la
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Reginal	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Big G G	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Ti Michelet	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Grimo	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Jedi 17 janvye 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nèg ak zam ki nan gang nan Tibwa yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal pou regleman kont zòn ak zòn.	Pòtoprens, nan Delwi, Fontamara 27	Bal gang	Enkoni
Vandredi 18 janvye 2013 nan apremidi	Yon moun yo idantifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dèzeza	Bal nèg yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 18 janvye 2013 nan apremidi	Caston Hans Gener	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Vandredi 18 janvye 2013 nan apremidi	Peton René	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmò l pa t detèmine. Yo te transpòte l nan mòg Lopital jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni

